

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**


##### **3.1.1 Méthode Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif, kalawan ngagunakeun méthode déskriptif. Méthode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun gejala anu kaalaman dina waktu lumangsungna panalungtikan. Ieu méthode dieuyeuban ku kagiatan prosés analisis sangkan nyangking déskripsi anu teleb ngeunaan sémiotik katut analisis filologisna dina Naskah Palintangann (NP) jeung kolénjér.

Sakumaha ilaharna, saupamana neuleuman hiji naskah aya méthode husus anu cocog jeung ieu widang garapan, nya éta méthode filologis. Méthode filologis atawa pamarekan filologis, enas-enasna ngagarap hiji téks naskah atawa kelompok naskah ngaliwatan dasar-dasar kritik téks sifatna tékstual atawa tumali jeung interprétasi kana hiji naskah (Robson, 1994:25).

Ku sabab sumber naskah ditulis dina aksara Pégon, léngkah garapanna ngagunakeun méthode transliterasi (alih aksara), nya éta ngagenti wangun tulisan hurup Pégon kana hurup latén. Dina garapanna transliterasi dilakukeun sacara gemet jeung taliti hurup perhurup, perpadalisan, jeung perkaca. Supaya teu ngaganggu kana kaaslian NP jeung nyingkahan patukeurna kaca laporan panalungtikan jeung kaca téks NP, minangka kaca téks naskah ditulis di beulah kénca kalawan make tanda kurung “)”).

Bagan 3.1  
Galur panalungtikan



### 3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngarojong kana ieu métode panalungtikan, téhnik-téhnik anu digunakeun/disusud, nya éta studi pustaka, obsérvasi, jeung wawancara.

- 1) Studi pustaka dilakonan geusan nyangking pangaweruh boh téoritis boh pahaman eusi téks boh data-data naskah Sunda anu nyampak dina katalogus, buku-buku hasil panalungtikan, jeung buku-buku citak séjénna.
- 2) Observasi ka masarakat Ciwidey (Néngkélan) anu masih nyekel pageuh naskah jeung kolénjér. Sanggeusna éta perkara dilakukeun, tarékah séjénna nya éta ngaliwatan prosés ngawawancara.

- 3) Téhnik pamungkas anu dipaké dina ngumpulkeun data nya éta wawancara teleb. Ieu hal dilakukeun ku sabab hayang ngaekplorasi informasi ti informan ngeunaan kolénjér sacara holistik jeung jelas.

### 3.2 Sumber Data

Pikeun kapentingan panalungtikan, boh wangun, boh eusi sumber data dibandingkeun pikeun nyumponan sarat panalungtikan. Éta perkara luyu jeung sumber data anu ditalungtik dina ieu panalungtikan, saperti halna NP anu dipaké salaku sumber data. Wangun naskah-naskah anu jadi sumber data maké basa lancarana sarta eusi téksna ngadadarkeun ngeunaan palintangan.

Ieu objék panalungtikan, nya éta sémiotik jeung filologis dina NP jeung kolénjér. Anu jadi sumber datana dina ieu panalungtikan, nya éta NP jeung kolénjér. Anapon NP anu dianalisis jumlahna dua naskah, kalawan holna éta naskah béda-béda nya éta:

- (1) Daérah Ciwidéy (Desa Nengkelan) ngawengku NP jeung kolénjér.
- (2) NP ti daérah Lembang.

### 3.3 Analisis Data

Data anu geus kakumpul disusun dumasar kaperluan, boh tina hasil talaah pustaka, hasil wawancara, boh hasil transliterasi diluyukeun jeung maksud sarta tujuan panalungtikan. Léngkah-léngkahna dipedar ku Bogdan dina Sugiono (2009:334), nu ngécéskeun yén analisis data nya éta prosés nyusun jeung nyusun sacara sistematis data anu geus dicangkingna tina wawancara, catetan lapangan,

bahan-bahan séjén, nepi ka pamanggih bisa diinformasikeun ka masarakat sabudeureun. Analisis data dilakonan ku jalan ngaliwatan sintésa, nyusun pola, milah-milih data luyu jeung kaperluan, sarta nyieun kacindekan.

Dumasar pedaran di luhur, léngkah-léngkah analisis data anu dilakonan, nya éta data dipilah-pilah luyu jeung fokus panalungtikan. Satuluyna dipilah-pilih mana data hasil wawancara (kolénjér) jeung mana data hasil talaah pustaka anu nyampak dina NP. Sanggeus dicangking sagemblengna, data ditransliterasi jeung dianalisis dumasar struktural-sémiotika. Léngkah satuluyna, data diidéntifikasi hubunganna antara naskah hiji jeung naskah séjénna sarta pakuat-kaitna eusi naskah NP jeung kolénjér. Tahapan saterusna, naskah jeung kolénjer dibandingkeun kasaluyuan eusina. Pamungkas nyusun kacindekan. Saterusna éta data kasebut bakal silih euyeuban antara nu hiji jeung nu séjénna.

### 3.4 Léngkah-Léngkah Garapan

Prosedur panalungtikan disusun sacara rinci, saperti ieu di handap.

- 1) Tahap tatahar ngawengku:
  - a. Kajian pustaka;
  - b. Nyusun proposal; jeung
  - c. Nangtukeun subjék panalungtikan.
- 2) Tahap pelaksanaan, ngawengku.
  - a. Ngumpulkeun data;
  - b. Transliterasi naskah sarta ngabedah eusi kolénjér nu jadi subjék panalungtikan;

c. Nganalisis hasil transliterasi dumasar rumusan masalah panalungtikan; jeung

3) Nyusun laporan

Nyusun laporan mangrupa tahap pamungkas sanggeus sagemblengna data dianalisis. Léngkah nyusun laporan salawasna diaping ku dosén pangaping.

Susunan laporanna saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.4 Wangenan Oprasional

1.5 Anggapan Dasar

Bab II Ulikan Tiori

Bab III Méhode Panalungtikan

Bab IV Déskripsi jeung Analisis Data

Bab V Kacindekan jeung Saran